

BAB III METODE PANALUNGTIKAN


3.1. Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa léngkah nu dilakukeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun informasi atawa data sangkan bisa méré gambaran atawa rancangan panalungtikan. Nurutkeun Creswell (2016, kc. 3) méthode panalungtikan nyaéta léngkah-léngkah pikeun nyangking informasi tur ngalaksanakeun talaah data.

Méthode nu digunakeun dina nyusun ieu skripsi nyaéta méthode déskriptif. Sakumaha nu ditétélakeun ku Arikunto (2013, kc. 3) méthode déskriptif nyaéta panalungtikan pikeun maluruh kaayaan, kondisi atawa hal-hal séjén nu geus disebutkeun, hasilna dipedar dina wangun laporan panalungtikan. Ieu méthode téh bisa ngadéskripsikeun sacara sistematis fakta carita jeung unsur psikologi tokoh nu aya dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur*.

3.2. Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa bagan anu eusina runtuyan panalungtikan ti mimiti tatahar nepika nyusun laporan atawa kacindekan. Nurutkeun (Arikunto, 2013, kc. 175) desain panalungtikan mangrupa rarancang ngeunaan hal-hal nu rék dilakukeun dina panalungtikan. Desain ieu panalungtikan diébréhkeun dina bagan 3.1.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.3. Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.3.1. Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita jeung unsur psikologi tokoh dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* karya Lugiena De. Ieu panalungtikan téh ngaguar struktur carita anu ngawengku téma, data fakta carita (galur, palaku, latar), jeung data sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya basa, jeung amanat).

3.3.2. Sumber Data

Nurutkeun Purhantara (dina Silvi spk, 2021, kc. 4) sumber data téh dibagi jadi dua nyaéta sumber data primér jeung sumber data sékundér. Sumber data primér nyaéta data nu dicangking langsung tina subjék panalungtikan. Sumber data primér dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* karya Lugiena De. Sedengkeun sumber data sékundér nyaéta sumber data nu geus aya dina sababaraha wangun saperti dokumén, buku-buku tiori, jeung jurnal nu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

3.3.2.1. Idéntitas Buku

Judul : *Layung Ngempur di Kampus Bungur*
 Pangarang : Lugiena De
 Pamedal : Silantang
 Taun Medal : 2020
 Jumlah Kaca : 170 kaca



Gambar 3.1
Sampul Novél

3.3.2.2. Biografi Singget Pangarang

Lugiena De téh ukur sandiasma dina karangan hungkul. Ngaran sabenerna nyaéta Dea Lugiena. Gumelar di Bandung taun 1983. Ayeuna matuh di Selaawi, Garut. Tapi pacabakan sapopoéna ngajar basa Sunda di Sumedang. Namatkeun kuliah di jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Universitas Pendidikan Indonesia Bandung. Salila kuliah aktif di unit kagiatan mahasiswa ASAS. Munggaran

ngarang téh waktu kuliah tingkat hiji.

Sawatara karanganna kungsi dilélér pangajén ti LBSS taun 2005 jeung 2011, kungsi ogé jadi pinunjul dina pasanggiri karya tulis *Galura* taun 2005 jeung 2008, pasanggiri nulis sajak PPSS taun 2008, pasanggiri nulis carpon Noe'man Soemantri FPIPS UPI taun 2015 jeung 2016, jeung pasanggiri nulis artikel ngeunaan basa indung anu dialpukahan ku Klinik Basa taun 2018. Naskah dramana *Runchah*, *Dayeuh Simpé*, jeung *Odeu* diilukeun jadi naskah pilihan dina Festival Drama Basa Sunda anu dialpukahan ku Teater Sunda Kiwari.

3.4. Téhnik Panalungtikan

Aya dua téhnik pikeun nyangking data panalungtikan nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.4.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salah sahiji léngkah nu paling poko dina hiji panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun data nyaéta prosedur sistematis pikeun meunangkeun data nu diperlukeun (Arikunto, 2013, kc. 136).

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka jeung téhnik wawancara bébas pikeun meunangkeun data ngeunaan sumber data. Téhnik studi pustaka nyaéta métode pikeun ngumpulkeun data ku cara néangan informasi dina buku, dokumén, atawa jurnal sangkan bisa neuleuman tiori-tiori nu patali jeung nu rék ditalungtik.

3.4.2. Téhnik Ngolah Data

Sabada data kakumpulkeun, diolah maké téhnik déskriptif kualitatif pikeun nyangking jawaban tina masalah nu ditalungtik. Téhnik ngolah data nyaéta hasil data nu dicangking ngagunakeun aturan nu saluyu jeung pamarekan nu dipaké. Objék nu dianalisis nyaéta novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur*, sumber data nu dianalisisna nyaéta struktur novél jeung analisis unsur psikologi humanistikna. Léngkah-léngkah dina nganalisis data dina ieu panalungtikan saperti di handap.

1) **Nganalisis Unsur Carita Novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur***

Ieu analisis téh ngagunakeun tiori struktural Robert Stanton, anu ngawengku:

- a. téma dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur*;
- b. fakta carita dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* (galur, palaku, jeung latar); jeung
- c. sarana carita dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* (judul, puseur implengan, gaya basa, jeung amanat).

2) **Nganalisis Unsur Psikologi Palaku Novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur***

Analisis anu satuluyna dina ieu panalungtikan nyaéta analisis unsur psikologi tokoh dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* ngagunakeun tiori Abraham Maslow. Dina ieu tiori sacara gurat badagna undakan pangabutuh manusa téh dibagi jadi lima nyaéta:

- a) pangabutuh fisiologis;
- b) pangabutuh kana rasa aman;
- c) pangabutuh mibanda jeung dipibanda (cinta);
- d) pangabutuh kana harga diri (pangajén); jeung
- e) pangabutuh kana aktualisasi diri..

3.5. Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa pakakas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana jadi leuwih gampang sarta hasilna leuwih hadé, lengkep, jeung sistematis pikeun dikokolakeun (Arikunto, 2013, kc. 203). Dina ieu panalungtikan, ngagunakeun instrumén kartu data digital. Ieu hal perlu aya validitas tina panalungtik nu kudu maham kana métode panalungtikan kualitatif, ngawasa pangaweruh nu patali jeung widang nu ditalungtik, sarta panalungtik kudu sadia dina neuleuman naon waé nu rék ditalungtik. (Sugiyono, 2017, kc. 293). Kartu data digital digunakeun pikeun sempalan carita atawa kalimah nu nuduhkeun kana struktur carita jeung unsur psikologi humanistik anu nyampak dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur*.

Novita Inggrit Nugraeni, 2023

NOVEL LAYUNG NGEMPUR DI KAMPUS BUNGUR KARYA LUGIENA DE (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.5.1. Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngumpulkeun cutatan nu aya dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur*, anu patali jeung struktur carita ogé psikologi humanistikna.

1) Struktur Carita dina Novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur*

Ieu di handap mangrupa instrumén pikeun ngumpulkeun data struktur carita, anu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku, latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya basa, jeung amanat).

Tabél 3. 1
Struktur (Cutatan Téma)

No	Téma	Cutatan	Kode Data (L/B/KU/KC)
.			

Tabél 3. 2
Struktur Fakta Carita (Galur)

No	Galur	Cutatan	Kode Data (L/B/KU)

Tabél 3. 3
Struktur Fakta Carita (Tokoh)

No	Tokoh/Palaku	Sipat/Watek	Cutatan	Kode Data	Kapanggih dina Kaca

Tabél 3. 4
Struktur Fakta Carita (Latar)

No	Latar (Tempat/Waktu/Sosial)	Cutatan	Kode Data (L/B/KU/KC)

Tabél 3. 5
Struktur Sarana Sastra (Puseur Implengan)

No	Puseur Implengan	Cutatan	Kode Data (L/B/KU/KC)

Tabél 3. 6
Struktur Sarana Sastra (Judul)

No	Cutatan	Kode Data (L/B/KU/KC)

Tabél 3. 7
Struktur Sarana Sastra (Gaya Basa)

No	Gaya Basa	Cutatan	Kode Data (L/B/KU/KC)

Katerangan:

LNKB : Judul Novél

B : Bagian/Bab

KU : Kode Urutan Data

KC : Kaca

L (LT/LW/LS) : Latar (Latar Tempat/Latar Waktu/ Latar Suasana

2) Kapribadian Palaku dina Novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur*

Ieu di handap mangrupa instrumén pikeun ngumpulkeun data psikologi humanistik palaku anu ngawengku pangabutuh fisiologis, pangabutuh kana rasa aman, pangabutuh mibanda jeung dipibanda (cinta), pangabutuh kana harga diri, jeung pangabutuh kana aktualisasi diri.

Tabel 3. 8
Data Psikologi Humanistik

No	Kapribadian Palaku	Cutatan	Kapanggih dina Kaca
	Pangabutuh fisiologi		
1.	Pangabutuh kana rasa aman		
2.	Pangabutuh mibanda jeung dipibanda (cinta)		
3.	Pangabutuh kana harga diri		
4.	Pangabutuh kana aktualisasi diri		

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén nu digunakeun dina ngolah data nyaéta kartu data. Kartu data mangrupa instrumén nu digunakeun pikeun ngébréhkeun data dina wangun cutatan carita nu aya dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* karya Lugiena De.

1) Kartu Data Analisis Struktur Carita

Ieu di handap mangrupa instrumén pikeun ngolah data struktur carita, anu ngawengku téma, galur, palaku, latar, judul, puseur implengan, jeung gaya basa.

Kode Data	:	
Téma	:	
Cutatan Carita	:	
Analisis	:	

Gambar 3. 1
Conto Kartu Data Téma

Kode Data	:	
Struktur Carita	:	
Cutatan Carita	:	
Analisis	:	

Gambar 3. 2
Conto Kartu Data Galur

Kode Data	:
Palaku/Watek	:
Cutatan Carita	:
Analisis	:

Gambar 3. 3
Conto Kartu Data Palaku

Kode Data	:
Latar	:
Cutatan Carita	:
Analisis	:

Gambar 3. 4
Conto Kartu Data Latar

Kode Data	:
Judul	:
Cutatan Carita	:
Analisis	:

Gambar 3. 5
Conto Kartu Data Judul

Kode Data	:
Gaya Basa	:
Cutatan Carita	:
Analisis	:

Gambar 3. 6
Conto Kartu Data Gaya Basa

Kode Data	:
Struktur Carita	:
Cutatan Carita	:
Analisis	:

Gambar 3. 7
Conto Kartu Puseur Implengan

2) Kartu Data Psikologi Humanistik

Kode Data	:
Aspék Psikologi Humanistik	: Pangabutuh fisiologis
Analisis	:

Gambar 3. 8
Conto Kartu Data Pangabutuh Fisiologis

Kode Data	:
Aspék Psikologi Humanistik	: Pangabutuh kana rasa aman
Analisis	:

Gambar 3. 9
Conto Kartu Data Pangabutuh kana Rasa Aman

Kode Data	:
Aspék Psikologi Humanistik	: Pangabutuh mibanda jeung dipibanda (cinta)
Analisis	:

Gambar 3. 10
Conto Kartu Data Pangabutuh Mibanda jeung Dipibanda

Kode Data	:
Aspék Psikologi Humanistik	: Pangabutuh kana harga diri
Analisis	:

Gambar 3. 11
Conto Kartu Data Pangabutuh kana Harga Diri

Kode Data	:
Aspék Psikologi Humanistik	: Pangabutuh kana aktualiasasi diri
Analisis	:

Gambar 3. 12
Conto Kartu Data Pangabutuh kana Aktualisasi Diri

3.6. Prosedur/Alur Panalungtikan

Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan dibagi jadi tilu, nyaéta persiapan, prak-prakan, jeung ngabéréskeun pasualan. Anapon runtuyan anu leuwih jelasna saperti di handap.

- a. Maca buku nu aya patalina jeung tiori struktural Robert Stanton jeung

- psikologi humanistik Abraham Maslow;
- b. Milih jeung nangtukeun novél atawa sumber data nu rék ditalungtik;
 - c. Maca sacara bulak-balik sangkan bisa maham kana caritana;
 - d. Talaah struktur jeung psikologi humanistik nu nyangkaruk dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* karya Lugiena De;
 - e. Ngelompokkeun data dumasar kana pasualan panalungtikan;
 - f. Ngadéskripsikeun data dumasar kana pasualan panalungtikan;
 - g. Nyindekkeun hasil analisis dumasar pasualan panalungtikan;
 - h. Nyieun laporan hasil panalungtikan.